


Akademi Kreyòl Ayisyen bat bravo pou etidyan Malachy Bastien



Akademi Kreyòl Ayisyen patisipe, mèkredi 20 jiyè 2022 a, nan soutnans etidyan Malachy Bastien nan Fakilte Etnoloji, ki fè memwa lisans li nan lang kreyòl. Jiri ki t ap evalye memwa a te gen ladan l: Jean Sergot Louis (Prezidan), Claude Edouard (Direktè memwa) ak Antoine Augustin (Lektè kritik). *Etid sosyolojik sou estrateji devlopman lokal nan Mouvmman Peyizan Papay (MPP)* se sijè sa a Malachy Bastien te defann pandan tout dire soutnans lan. Aprè deliberasyon yo, Manm jiri a valide travay Malachy Bastien an epi yo ba li grad Lisansye nan Antwopo Sosyoloji. Pandan Akademi an ap felisite Malachy Bastien, paske li deside fè memwa lisans li an kreyòl, li ankouraje lòt etidyan kontinye fè memwa yo nan lang kreyòl ayisyen an. Nou gen plezi prezante w rezime memwa a etidyan an te pataje ak nou.

Etid sosyolojik ki fèt nan milye riral yo montre, « Depi twa (3) syèk moun k ap travay latè yo ap viv nan yon gwo povrete nan lemond tout kote se gwo rèl ». ¹ Nan peyi Angletè, si nan peryòd XVI^e syèk la, peyizànri a te konsidere kòm yon fòs sosyal kote tout gwo kapital yo t ap fèt sou do peyizan an. Nan peryòd XIX^e syèk la, se pito yon epòk kote endistriyalizasyon an ap vale teren, peyizan an sispann yon fòs sosyal ak politik². Nan peyi Lafrans tou, pandan tout mwatye XX^e syèk la, popilasyon aktiv agrikòl la te toujou reprezante preske 40% popilasyon aktiv la, si n ap konsidere chif sa yo, 31% nan lane 1954, 17% nan lane 1970³. Se kontèks gwo transfòmasyon sa a ki dechapanante milye riral la⁴. Ansanm transfòmasyon sa yo ki pral fè Sosyològ Mendras Henri panse peyizan yo se yon sivilizasyon oswa mòd lavi ki sou wout pou yo disparèt⁵.

Travay Mendras Henri a sou milye riral la, se yon konsta ki montre disparisyon peyizànri a aprè de syèk li egziste. Deléage Estelle mete an kesyon apwòch Mendras Henri a, li fè konnen depi sou Mendras Henri moun save yo k ap reflechi sou milye riral la pa sispann nan lojik pou yo opoze tradisyon ak modènite. Kòmki dire peyizan tradisyonèl (akayik) epi agrikiltè oswa

¹ ANGLADE Georges, *Atlas crititique d’Haiti*, Québec, edition electronique Jean Marie Tremblay, 2008, p. 181.

² Tribune socialiste no 14, 9 juillet 1960. Pages 4 et 5. Rapport présenté au C.P.N. Par serge Mallet, „“ la crise pa ysanne””. 1p.

³ HERVIEU Bertrand, *de la fin des paysans au renouveau des sociétés rurales françaises. La sociologie rurale française en question*. Centre d’étude de la vie politique française contemporaine, laboratoire associé au C.N.R.S. p. 351.

⁴ Ibid.

⁵ MENDRAS Henry, *la fin des paysans*, Paris, SEDEIS-FUTURIBLES, 1967.

antreprenè agrikòl (modèn) ki konsidere modènite a kòm veritab zouti pou fè pwogrè sosyal⁶. Alòs, ann Ayiti, peyizan ayisyen an pa genyen menm vizyon parapò modèl agrikilti modèn sa a, epi li pa konprann rapò moun, latè epi anviwonman an, menm jan òganizasyon entènasyon al yo konprann modèl rapò sa a. «*Peyizan ayisyen yo konprann travay latè kòm yon mwayen pou yo konekte, fè ekilib latè ak zanzèt yo. Tandiske enstitisyon ekonomik entènasyon al yo aji nan milye riral la nan yon lojik pou yo kreye yon move rapò ant moun ak anviwonman* »⁷. «*Politikman, liberalism la ap batay kont modèl agrikilti famiyal la paske li pa nan enterè li, se lojik sa a ki fè li vle elimine agrikilti famiyal la. Yon agrikilti modèn, sa vle di, espesyalize, te knolojik ap plis sou kontwòl monopòl yo* »⁸. Pratikman, Deléage montre modèl agrikilti modèn sa a genyen tou gwo konsekans sou lavi moun yo paske fason l ap fèt montre moun yo pa aji kòm moun ki genyen responsablite anvè latè epi li kreye yon rapò miwo miba ant moun yo. Annefè, li konprann teworisyen yo dwe soti nan lojik opozisyon sa a kote pou yo panse yon lòt jan sou agrikilti tradisyonèl la, pandan y ap gade modèl agrikilti endistriyèl la nan yon kad teyorik ki depase opozisyon klasik ki egziste ant tradisyon ak modènite a.⁹ Li vanse tandans dominan sa a prezan depi pase 50 lane kote te worisyen yo ap pwone disparisyon peyizànri a nan pwosesis endistriyalizasyon an. Kòmkidire peyizan yo deyò endistriyalizasyon an. Peyizan konsidere kòm yon kategori moun ki deyò modènite a ak listwa a, kidonk peyizan an se yon senp *dechè* ki sou wout pou yo disparèt. Joseph N. Pierre konprann modèl agrikilti famiyal la paka satisfè bezwen sosyete a sou fason popilasyon an ap ogmante kote li pa vanse nan menm fason agrikilti modèn lan. Genyen lòt otè ki ale prèske nan menm sans lan, tankou Paul Edmond, Souffrant Claude¹⁰ yo we nesosite pou genyen yon endistriyalizasyon nasyon al anndan peyi a, Eugène Nau te pito fè pledwaye pou modènize agrikilti a. Joseph N. Pierre souliye, Ayiti p ap ka rezoud pwoblèm grangou a si li chita sou agrikilti ti eksplwatasyon an¹¹, kote sistèm pwodiksyon agrikòl ayisyen an pa efi kas endistriyèlman ni kòmèsyalman¹². Parekzanp, nan yon etid¹³ ki fèt nan lane 2014 nan komin

⁶ DELÉAGE Estelle, *la fin des paysans : mythe ou réalité ?* UMR 6590-ESO, Colloque FAIRE CAMPAGNE, Rennes, 17-18 mars 2005. Chercheur au laboratoire d'analyse socio-anthropologique du risque (Université de Caen) Visiting Fellow à l'International Institute for Environment and Development (Londres).

⁷ LOUIS-JUSTE Jean AniL, *La signification du coumbitisme dans une autre politique territoriale*, [Http://www.alterpresse.org/spip.php?article1864](http://www.alterpresse.org/spip.php?article1864). Lundi 1 novembre 2004.

⁸ La ruralité en question. Réalité sociale et théorie sociologique, Québec, GRIDEQ-UQAR, 1985, p. 100.

⁹Op.cit, Déléage

¹⁰ SOUFFRANT Claude, *sociologie prospective d'Haïti*, Québec, CIDHICA, p. 91.

¹¹ JOSEPH N. Pierre *propositions pour la réforme et la modernisation de l'agriculture haïtienne*, Haïti perspectives, vol. 5. No 4. Hiver 2017.

¹² Ibid. p. 50.

¹³. DAMÉUS Alix et FRANCOIS Jean Ribert, *contribution de l'agriculture et des sources de revenu non agricoles à la sécurité alimentaire des exploitations agricoles familiales d'Haïti: cas de la commune de Jean-Rebel*. Haïti perspectives : Revue thématique, Agriculture, sécurité alimentaire et réduction de la pauvreté, GRAHN, volume 5, numero 4. Hiver 2017.

Jan Rabèl, etid la montre ti eksplwatasyon agrikòl yo paka rezoud pwoblèm mankman laman jay peyizan yo ap konfwonte. Se maranday rekòt ak lòt revni yo jwenn nan lòt domèn ki pè mèt yo viv tankou gadinay epi transfè ki soti lòt bò dlo, ... pou peyizan yo rive konfwonte pwoblèm sosyal ek ekonomik yo, yo oblije vann fòs travay yo nan lòt domèn ki depaman kes yon eksplwatasyon an pou yo reponn kèk bezwen pou yo ka viv¹⁴.

Nan sans sa, genyen gwo pwoblèm sanitè nan milye riral la. Ansanm pwoblèm kominote riral l a ap konnen an ta fè plizyè ONG deplòtonnen yon kokenn chenn pwojè devlopman an.

Pwoblematik

Nan lane 1948 UNESCO (Organisation des Nations Unies pour l'Éducation la Science et la Culture) ale reyalize yon pwojè wòdpòte nan milye riral la, espesyalman nan *Mabyal*. Pwojè sa a chita espesyalman nan agrikilti a, kesyon ijyèn ak edikasyon an¹⁵. « *Ayiti konnen plis pase yon demi syèk nan zafè devlopman kominotè a. Depi nan inogirasyon pwojè wòdpòte UNESC O a nan mabyal (1948), plizyè ti pwojè ekzekite, parekzanp sou prezidan Jean Bertrand Aristi de (1994-2004). Anpil entèkansyon fèt nan devlopman riral la men li chita sou dènye prensip ki se repwodiksyon kapital la.* »¹⁶

Pwojè ONG¹⁷ yo anvayi peyi Dayiti, se ta youn nan fason pou amòti kantite dega lojik ekono mik neyoliberal la. Menm si pwojè devlopman yo pa adapte reyalite sosyoekonomik kominote riral yo.

¹⁸Etienne Sauveur Pierre genyen yon travay li fè sou bilan ONG yo nan peyi a, li montre ti pwojè devlopman yo, se yon estrateji ONG yo itilize pou yo fè devlopman kominotè. Se yon a nsanm pwojè k ap fèt nan kominote riral la ki pa rive kanpe pwosesis degradasyon kondisyon sosyo ekonomik peyizan yo. Nan sans sa, li konprann aktivite ONG yo sou teren y ap aji a pa a dapte egzijans lit yo ki kapab mennen devlopman an. Se senpman kokenn chenn aktivite ONG yo ki chita sou yon politik global kote se Leta ki konsevwa li epi bay li jarèt ki kapab genyen yon enpak pozitif sou devlopman peyi a.

Nan demach Pedras James, Veltmeyer Henry ONG yo enlike nan yon nouvo kalite kolonya

¹⁴ Groupe de Recherches/ formation S.A.C.A.D système Agraire Caribéens de Développement Université des Antilles et de la Guyane/F.A.M.V (Faculté d'Agronomie et de Médecine Vétérinaire de l'UEH, *Paysans, système et crise travaux sur l'agriculture haïtien*, tome 3 : Dynamique de l'exploitation paysanne, p. 229.

¹⁵ Op.cit, LAROCHE, p. 31.

¹⁶ LOUIS-JUSTE Jean Anil, *La résistance paysanne, une énigme à la modernité*, Lundi 2 aout 2004. Http : //www.alterpresse.org/spip.php?article1545.

¹⁷ Op.cit, p. 38. Selon Pwofesè Jan Anil, ONG se yon lòt kategori gouvènman: se gouvènman ki marande dirèkte man avèk entènasyonal kominotè, men k ap aji lokalman. Li vanse pou l di ONG yo parèt nan yon tan, yo devlope nan yon lòt tan. Yo mennen politik sosyal, yo pwoteje ideyoloji devlopmanntis.

¹⁸ ETIENNE SauveurPierre, Haiti : l'invasion des ONG, Canada, CIDHICA, 1998.

lis ekonomik ak kiltirèl¹⁹. Analiz ki fèt sou pwojè ONG yo nan kontinan Afrik, Azi, nan Lamerik latin rive nan menm konklizyon an.

Marc Dufumier²⁰ montre Pwojè ONG yo ki sou dikte òganizasyon entènasyonal yo tankou *Fonds Monétaire International* (FMI), se rasin kòz echèk pwojè devlopman agrikòl paske yo mete sou kote valè lokal yo, yo chita sou enterè yon kategori sosyal, nan sans sa a, pwojè devlopman agrikòl yo pa nan enterè popilasyon an anjeneral, piske li lakòz peyizan an vin pi pòv, li ankouraje chomaj, mankman lamanjay epi kreye yon pwoblèm pèmanan kote moun ap kite milye riral la pou yo ale lavil, elatriye.

Nan kad travay sa a, mwen ta kapab di MPP se yon ONG altènatif lokal, sa vle di, yon ONG ki genyen yon karakteristik pwogresis kote genyen yon *leader* peyizan nan tèt li pou bay li di rektiv nan ranmase revandikasyon kominote riral la. ²¹ONG pwogresis yo itilize peyizan yo, moun pòv yo kòm prensipal tèm pwojè rechèch yo. MPP genyen yon ansanm ti pwojè l ap reyalize nan kominote riral yo depi nan lane 1980 yo. Ti pwojè devlopman sa yo ta sanble pa kontribye nan chanje kondisyon sosyoekonomik peyizan yo. Kisa ki eksplike MPP oryante pwojè li yo nan kominote riral yo kondisyon sosyoekonomik peyizan li yo pa chanje?

Nan kad rechèch ki fèt sou MPP konsèp sila a ta sanble enterese li, se depi plis pase 25 lane yon konsepsyon konsa ap pwone nan milye riral la, malgre sa a, pa genyen repons konkrè men òganizasyon peyizan sa a kontinye egziste, an menm tan, kondisyon sosyo-ekonomik peyizan yo ap vin pi mal. M ap souliye se pa premye travay ki genyen karaktè syantifik k ap reyalize sou MPP. Louis-Juste Jean Anil²² reyalize yon travay enpòtan sou MPP li kalifye « *sociologie de l'animation Papaye* ». Li analize kouman MPP apati modèl animasyon l ap aplike nan milye riral la soumèt yon kilti depandans sou peyizan yo, kreye yon devlopman . . « *Devlopman tis la kontribye nan lejitime, adapte epi tabli kilti ewopeyen an. Li soumèt modèl ewopeyen an kòm prensipal vizyon li* »²³. Se yon travay ki enskri li nan yon demach maksis. Mwen enterese konprann pito si oryantasyon pwojè devlopman MPP yo kapab fasilite *devlopman lokal*.

Mwen ensk

ri travay sa a nan pèspektiv metòd envesigasyon sosyoloji konpreyansiv le nan sans

¹⁹ PEDRAS James, VELTMEYER Henry, *la face cachée de la mondialisation*. Nan chapit 8, les ONG au service de l'impérialisme, pp. 193-210.

²⁰ DUFUMIER Marc, *les projets de développement agricole, manuel d'expertise*, Paris, Karthala, 323p.

²¹ Op.cit, PEDRAS, VELTMEYER, P. 209.

²² LOUIS-JUSTE Jean Anil, *sociologie de l'animation papay*, Pòtoprens, Depatman sèvis sosyal nan Fakiltè Syan zimèn, nan Janvyè 1997.

²³ Sous la direction de DANIEL Justin, *les îles Caraïbes, modèles politiques et stratégies de développement*, Paris, KARTHALA-CRPLC, 1996, p. 233-234.

Kesyon rechèch

- Èske pwojè devlopman MPP yo kapab fasilite *devlopman lokal*?

Selon Louis Favreau se yon konsèp ki parèt nan bout lane 1970 yo nan kontèks kriz Leta pwo vidans lan. Ana-lucia site Polèse kote li mansyone se yon konsèp ki egziste depi 20 lane yo men kondisyon pou yo tabli yon devlopman nan rejyon yo pa t osi fasil nan epòk la²⁴. *Devlopman lokal* la se yon vizyon global epi sosyal nan devlopman an, li jwenn fonman li nan kreye inisyatif, fè solidarite nan nivo lokal la, an menm tan batay kont konsekans devlopman liberal la suivan aksyon li yo epi batay kont Leta ki pa deside poze aksyon nan enterè kominote lokal la²⁵. Suzanne Tremblay eksplike nan kad modèl devlopman sila a, se faktè sosyal la ki aji sou faktè ekonomik la. Modèl sa a pa chita senpman sou faktè ekonomi a men li makònen ansanm faktè sa yo : sosyal, kiltirèl epi ekonomi a²⁶. Li ta sanble pa genyen yon fason inik pou yon moun defini konsèp *devlopman lokal* la, sa kapab kontribye nan fè fòs oswa feblès li. Si m ap konsidere

re konpreyansyon Ana-lucia sou konsèp *devlopman lokal* la, mwen pran konsèp *devlopman lokal* la nan sans rezistans, konstriksyon, nan fason pou nou mete sou kote tout siyifikasyon banal ki makònen konsèp devlopman an.

Nan kad rechèch ki fèt sou MPP konsèp sila a ta sanble enterese li, se depi plis pase 25 lane yon konsepsyon konsa ap pwone nan milye rural la, malgre sa a, pa genyen repons konkrè men òganizasyon peyizan sa a kontinye egziste, an menm tan, kondisyon sosyo-ekonomik peyizan yo ap vin pi mal. M ap souliye se pa premye travay ki genyen karaktè syantifik k ap reyalize sou MPP. Louis-Juste Jean Anil²⁷ reyalize yon travay enpòtan sou MPP li kalifye « *sociologie de l'animation Papaye* ». Li analize kouman MPP apati modèl animasyon l ap aplike nan milye rural la soumèt yon kilti depandans sou peyizan yo, kreye yon devlopman. . « *Devlopman s la kontribye nan lejitime, adapte epi tabli kilti ewopeyen an. Li soumèt modèl ewopeyen an kòm prensipal vizyon li* »²⁸. Se yon travay ki enskri li nan yon demach maksis. Mwen enterese konprann pito si oryantasyon pwojè devlopman MPP yo kapab fasilite *devlopman lokal*. Mwen enskri travay sa a nan pèspektiv metòd envesigasyon sosyoloji konpreyansiv la nan sans Weber Max.

²⁴ Op.cit, Ana-lucia, p. 102.

²⁵ Ibid, p. 26.

²⁶ Ibid, p. 26.

²⁷ LOUIS-JUSTE Jean Anil, *sociologie de l'animation papay*, Pòtoprens, Depatman sèvis sosyal nan Fakiltè Syan zimèn, nan Janvyè 1997.

²⁸ Sous la direction de DANIEL Justin, *les îles Caraïbes, modèles politiques et stratégies de développement*, Paris, KARTHALA-CRPLC, 1996, p. 233-234.

Objektif jeneral

- Chache konprann si pwojè devlopman MPP yo kapab fasilite *devlopman lokal*.

Objektif espesifik

- Chache entèprete sans pratik peyizan yo ;
- Rive konprann enpòtans gwoupman yo nan MPP;
- Analize modèl pwojè MPP yo nan kominote rural la;
- Fè parèts si MPP pa fè *devlopman lokal*, li ta kontribye nan fè soudevlopman lokal pou li kontinye egziste.

Metodoloji

Nan syans moun yo, genyen de metodoloji ki plis itilize. Metodoloji kantitatif ak metodoloji kalitatif. Mwen sèvi metòdoloji kalitatif la piske mwen remake se li menm ki plis kadre pwob lematik epi objektif travay rechèch sila a. Chak metodoloji itilize pwòp teknik li. Teknik rechèch la se yon ansanm fason epi zouti li itilize pou li fè envesigasyon metodikman²⁹. Nan sans sa a, mwen itilize de (2) teknik rechèch k ap pèmèt mwen byen chita objektif ak kesyon rechèch

travay sila a. Nan yon moman, n ap chita sou *focus group la* ; epi nan yon dènye moman, *entretien semi-dirigé* a. Poukisa mwen vle itilize de (2) teknik rechèch sa yo ? Paske MPP òganize li an gwoupman, se yon posiblite pou n diskite pi byen sou konsèp *devlopman lokal* la. Nan li de pou mwen konplete gwoup diskisyon mwen itilize teknik *interview* an.

Dewoulamn teren an te fèt fasil parapò abitud travay mwen genyen avèk kèk animatè nan MPP Nan sans Bourdieu Pierre, Cliffort Gitz, mwen te toujou chita nan yon demach refleksiv. Teren etid mwen t ap reyalize travay la se MPP, popilasyon etid mwen an se manm gwoupman MPP yo. Travay la rive jwenn nivo *satirasyon* li.

Pozisyon paradigmatic

Bourdieu Pierre nan kad travay li, pale sou konstiktivis estriktiralis la. Modèl sila a kapab plis sèvi parapò objektif travay la. Se yon travay ki nan demach rechèch aksyon. Konsepsyon Bourdieu Pierre sou konstiktivis estriktiralis la, se rive fè jonksyon antre objektif ak sibjektif³⁰. Li

²⁹ Ibid, p. 14.

³⁰http://www.chez.com/social/socio/socionouv/consstru_bourdieu.htm. Konsilte 30 janvyè 2022.

souliye de moman nan kad yon investigasyon, moman objektivis la, li chita sou estrikti sosyal yo, ki genyen yon ansanm kontrent sosyal ki deyò volonte aktè yo. Lòt moman se sibjektivis la, se fòm reprezantasyon, santiman, emosyon moun yo nan analiz y ap fè yo.

Bourdieu Pierre konprann, nan monn sosyal la pa senpman genyen sitèm senbolik, langaj, mit, men tou genyen yon ansanm estrikti objektif ki deyò volonte aktè yo, ki kapab oryante oswa kontrent pratik yo, reprezantasyon yo genyen yo, se sila a li rele estriktiralis la. Nan tout panse ,pesepsyon epi aksyon toujou genyen yon jenèz sosyal, se sila a, li rele konstiktivis la³¹. *Habitus* la konsidere kòm sans pratik, li retabli sans objektif enstitisyon yo³². Sans pratik la pèmèt moun yo aji jan yo dwe aji, san li pa soumèt yon règ oswa yon prensip³³.

Teknik analiz

Se yon travay ki oryante analiz li yo nan demach sosyoloji konpreyansiv Max Weber la, li se papa kouran sosyoloji konpreyansiv la. Li fè konprann modèl sosyoloji sa a se etidye aktivite sosyal yo, sa vle di, li etidye konpòtman moun yo nan aktivite y ap fè ki chita sou baz konpreyansyon. Nan yon konpòtman ki konstrui sou baz yon objektif kote moun yo konsyan, ki genyen yon sans pou yo. Sosyoloji sa a, enterese reflechi sou konpòtman lòt moun atravè aksyon e mosyonèl yo, epi nan dimansyon afektif yo. Epistemoloji Weber a pa separe vrèman teyori ak aksyon. Men li mete anpil aksan sou valè pratik yo. Li mansyone, sosyoloji a menm jan listwa fè yon ansanm entèpretasyon ki genyen karaktè pratik³⁴.

Pratik yo, selon Weber, yo nan yon dimansyon sichik, istorik oswa sosyolojik³⁵. Li wè tout analiz k ap fèt sou aktivite moun ap reyalize yo genyen yon motif epi yon finalite. Se nan sans sa , nou enskri travay la sou metòd investigasyon Weber a, piske li se mwayen orijinal nan syans moun yo ki chita sou yon baz pou li konprann sans aksyon moun yo genyen pou yo epi entèprete yo.

³¹BOURDIEU Pierre, *Choses dites*, Paris, Les Éditions de Minuit, 1987, p 147.

³²BOURDIEU Pierre, *Le sens pratique*, Paris, Éd. De Minuit, 1980, p. 96.

³³BOURDIEU Pierre, *Méditations pascaliennes*, Paris, Le Seuil, 1997, p. 166.

³⁴WEBER Max, *essais sur la théorie de la science, troisième essai : essai sur quelques catégories de la sociologie compréhensive, (1864-1920)*, traduction (1906) de l'Allemand et introduit par Julien Freund, p. 7.

³⁵WEBER Max, *essais sur la théorie de la science*, traduction (1906) de l'Allemand et introduit par Julien Freund, p. 55.

Rezilta travay rechèch la

Si m ap konsidere ansanm done yo, selon kèk patisipan: «MPP fè devlopman lokal la nan bay fòmasyon elvaj, agrikòl, politik epi konstrui moun kòm patriyòt nan fè yo ranmase listwa yo. Leta absans nan twazyèm seksyon an se MPP ki bay moun yo dlo, li ankadre jèn yo, li defann pèyizan yo nan konsèy jiridik li genyen, li fè moun yo manje manje lokal epi valorize pwodui la kay; MPP fè basen pou pèyizan yo konsève dlo. Interviewé a di MPP fè devlopman lokal paske li ajè nan dimansyon: ideyolojik sa vle di li fòme moun yo pou yo konprann ; nan dimansyon ekonomik li fè gwoupman yo fè yon kanè nan sere pou chofe pou yo mete lajan yo, fè epay ; nan edikasyon li konstrui lekòl, aprè 12 janvyè 2010 li konstrui 5 vilaj ; nan nivo politik, MPP aprann nou politik la se viv ansanm, òganize nou pou nou viv ansanm, li fè pitit pèyizan rive Majistra nan vil Ench». «Youn nan pi gwo kontribisyon MPP se fòmasyon li bay pèyizan yo».

«MPP ap defann yon klas ki se pèyizan yo, li egzije refòm agrè – se chwal batay MPP. Refòm agrè nan MPP se pa senpman bay pèyizan yo tè, men fòk pèyizan yo jwenn ankadreman, kredi, bon jan semans, asirans pou jaden pèyizan yo. Kontribisyon MPP pote se bay moun yo fòmasyon ideyolojik; fòmasyon teknik».

«Nou pa tèlman itilize mo devlopman lokal la nou pito sou palé chanjman sosyal, sa vle di, rive fè transfòmasyon sosyal la. Devlopman pou nou se lè majorite a rive genyen kontwòl Leta, fi ni ak pwopriyete prive a, rive nan yon diktati pwoletarya, lè mas yo genyen kontwòl ekonomi a. Lè nou rive nan pwopriyete sosyal mwayen pwodiksyon. Devlopman vle di diktati pwoletarya».

«Devlopman lokal la se tout aktivite ki mete an valè pwodui lokal nou yo, se pèmèt kominote a, moun yo viv nan yon anvivonnman ki sen epi fè pwomosyon pou pwodui lokal yo, manje nati natal yo. MPP fè pwojè ak gwoupman yo tankou fè jaden, fèm kabrit, li fè transfòmasyon pwodui tankou pitach an manbè, fri, elatriye; kote lè genyen fwa yo ekspoze ak vann pwodui sa yo. MPP bay jèn yo bous pou li voye yo etidye, si yon jèn malad li ka fè li jwenn bon jan laswen yay epi tou si yo genyen pwoblèm nan lajistis fè yo jwenn yon kabinè avoka».

«MPP pèmèt jèn yo ale nan fakilte kote genyen jèn ki pa t ka ale nan inivèsite MPP pèmèt yo ale. Lè yo fini yo vini mete sèvis yo pou mouvman an. MPP ekri pwojè li yo aprè li fin gade bezwen moun yo. Li fè kaptaj sous dlo jakòb, Palma. Genyen anpil kote se MPP ki kapte sous dlo pou moun bwè dlo. Li fè rebwazman genyen anpil moun ki temwaye kantite kòb yo fè chak

lane nan rekolte bwa yo. MPP bay kontribisyon li nan agrikilti, elvaj, parenaj nan premye sek syon an, elatriye. MPP konn achte tè pou gwoupman yo travay. Li di: «pou mwen menm, mwen wè genyen yon devlopman lokal ki fèt, lè MPP kontribye nan bay peyizan yo fòmasyon, nan fè yo diferansye kaka poul avèk bè; nan fè rebwazman, kaptaj dlo, agrikilti, elatriye».

«MPP reyalize anpil pwojè nan kominote riral la. Pwojè li yo oryante nan fè kaptaj dlo, chache travay pou pwofesyonèl li yo tankou nan CARITAS, mete sistèm enfòmasyon nan lekòl nasjonal ki nan milye riral la, li fè konsèvasyon sòl, tretman ravin, li fè lekòl prime nan maryala pa, li voye jèn yo etidye tankou Kiba, Venezyela. Pou mwen menm mwen kapab di MPP fè devlopman lokal, paske li envesi nan agrikilti. Genyen lòt moun ki kapab konprann devlopman yon lòt jan, pou yo si pa genyen wout ki fèt se pa devlopman, men mwen menm mwen konprann li yon lòt fason, tankou si genyen moun k ap pratike yon modèl agrikilti, yo montre li yon lòt teknik ki plis rantab se devlopman, yon chanjman teknik kapab yon devlopman lokal».

Oryantasyon pwojè MPP yo ta makònen yon ansanm konesans pratik. Konesans sa yo chita sou rapò ki egziste antre enstitisyon k ap sipòte pwojè li yo epi tou sou pratik sosyal li yo. Se yon mouvman ki chita sou patisipasyon, sou edikasyon popilè a. Nan sans sa, li nan yon demach pou li konstrui konesans pratik la avèk patisipasyon peyizan yo, menm jan epistemoloji konstruktivis la konprann li, n ap konnen konesans lan se moman n ap aji, li pa eksplike okenn realite andeyo pratik moun yo. Menm si li enpòtan pou nou ta konprann si se òganis yo ki oryante ante pwojè MPP yo oswa se mouvman an ki kanalize pwòp pwojè li yo.

Tout pwojè mouvman jwenn yo, li oryante yo nan kominote riral yo. Se gwoupman yo ki veritab baz mouvman pou li aji nan milye riral la suivan bezwen peyizan yo nan moman an. Nan kad bilan 25 lane egzistans MPP, li ekri si genyen yon bagay ki p ap chanje nan mouvman se gwoupman yo. «Gwoupman yo ap toujou rete poto mitan MPP». Si nan 7 premye lane egzistans MPP se gwoupman yo ki te vrèman prensipal fòs li san sipò leta ak lòt enstitisyon yo, men nan lane 1980 yo mouvman pral koumanse jwenn kèk ti pwojè. Kontèks lane 1980 yo te genyen yon ansanm kriz dèt, diktati nan anpil peyi nan Amerik Latin yo, men tou se koumanman lojik politik neyoliberal la, tankou ann Ayiti. Nouvo Lojik ekonomik sa a ta kapab konsidere kòm youn nan prensipal faktè ki kapab oryante nan yon lòt sans pratik òganizasyon an.

Paratik MPP ki se estrikti sibjektif li, sa vle di, *habitus* li makònnen estrikti objektif la ki prezan

nan moman an, sila a kapab eksplike demach konstruktivis estrikturalis Bourdieu Pierre a, ki ri ve montre kouman estrikti a kapab oryante pratik yo. Chèchè a ta depase divizyon ki genyen

antre objektivi vis ak sibjektivis. Menm jan Weber Max montre pa genyen objektivite vrèman nan syans sosyal yo. Sepandan pratik aktè yo, òganizasyon yo ta dwe etidye nan *vijilans epistèmolojik*. Manm jan konsiderasyon ki fèt nan etidye estrateji *devlopman lokal* nan MPP.

Si m ap konsidere konsèp *devlopman lokal* la oswa *devlopman ekonomik kominotè/devlopman kominotè* a kòm yon estrateji, an menm tan kòm yon kouran nan òganizasyon kominotè yo, nan menm lojik Louis Favreau ak Benoît Lévesque, elatriye, pou mwen fè yon etid sosyolojik sou estrateji *devlopman lokal* nan Mouvmant Peyizan Papay (MPP), karakteristik li fè mwen konprann pwojè MPP yo fasilite *devlopman lokal* la. Alòs de (2) otè sa yo bay kèk karakteristik³⁶ sou *devlopman lokal* la, kòm yon estrateji pou ajè nan kominote a ki soumèt afimasyon kou te MPP fè *devlopman lokal* la :

- Li prezan pou li rezoud pwoblèm sosyal yo pandan moun yo ap viv nan malsite; li chita sou pwòp devlopman ekonomik epi sosyal kominote lokal yo pou li rezoud pwoblèm sila yo;
- Li chita sou pwoblèm ki plis grav yo ki nan kominote a, tankou : pwoblèm paka jwenn travay, pwoblèm enfrastruktir ekonomik yo epi sèvis ki pi ba yo;
- Mete kanpe nan nivo òganizasyonèl yon ansanm antrepriz kominotè (sou kesyon sèvis, pwodiksyon byen), koperatif, gwoupman k ap travay nan plizyè sektè aktivite tankou : (lojman, travay, sèvis sosyal yo)
- Travay nan tèt kole avèk yon ansanm lòt sektè nan nivo kominotè, sektè sendika yo, Le gliz, dirijan lokal, moun ki nan business, elatriye;
- Tabli yon ansanm estrikti ki granmoun sa vle di ki kapab finansye pwòp tèt yo, tankou koperativ kominotè men ki kapab toujou jwenn jarèt Leta oswa kèk lòt enstitisyon prive.

Yo vanse estrateji sa yo pou yo rive tabli dwe genyen kondisyon sila yo: premye kondisyon an se konsènan teritwa sa vle di *devlopman lokal* la tabli nan yon popilasyon k ap travay nan menm espas jewografik, anplis kesyon teritwa ki pataje menm mòd lavi kote yo genyen tou yon santiman pou espas la, epi defann tèt yo kont malsite. Se yon modèl estrateji ki enspire eksperyans mouvman koperatif yo, mouvman sendika yo ki jwenn rasin yo nan epòk lamizè t ap taye banda nan mitan klas popilè yo³⁷. Anplis, otè sa yo afime, genyen yon ansanm espas

sektè estratejik *devlopman lokal* la aplike tankou: *devlopman lokal* la nan sektè lojman ak

³⁶ Ibid, p. 78.

³⁷ Ibid, p. 79.

byen òganize teritwa; nan sektè lasante ak sèvis sosyal yo; nan sektè ekonomi sosyal oswa kominotè- kesyon kreyasyon travay, fòmasyon pwofesyonèl, koperatif, antrepriz kominotè, elatriye; nan sektè ekonomi domestik la- koperatif sou kesyon lamanjay, elatriye³⁸.

Genyen yon ansanm otè tankou Favreau Louis et Laval Doucet, Claude Marchant ki elabore kèk limit sou konsèp *devlopman lokal* la. Selon de (2) premye otè yo : *devlopman lokal* la genyen yon pwoblèm sou kapasite li pou li fè kreyasyon aktivite epi fè jesyon k ap dire pou lontan, tankou nan kesyon kreyasyon travay, antrepriz yo k ap bay sèvis yo pa bay yon garanti ki estab. Nan yon lòt bò, Leta pa travay kòtakòt avèk kominote lokal yo, sa a vin degrenngole mile riral atravè fason Leta santralize sèvis yo. Anplis, *mouvman sosyal* yo, espesyalman *mouvman popilè* yo itilize yon ansanm pratik ki diferan, espas òganizasyon kominotè yo ap aji yon fason diferan atravè estrateji yo suivan bezwen yo. Sa montre devlopman kominotè lokal la dwe pase nan kad yon pwojè ekonomik epi yon pwojè sosyal.

Diplis, destine *devlopman lokal* la pa sèten suivan nivo pètinans estrateji sa a, gwo pwoblèm sosyete a ap konfwonte, li vrèman difisil pou nou konprann sa ak pral vini pi douvan. Boutofen, popilasyon lokal la lokalize twòp sou fè konsèvasyon patrimwàn yo, pandan yo mete sou kote ansanm lòt batay *mouvman ekoloji sosyal* la ap fè kont konpòtman endistriyèl yo. Desten *devlopman lokal* la genyen yon karaktè konjonktirèl.³⁹

Nan yon lòt bò, Claude Marchant drese kèk limit konsènan *devlopman lokal* la, nan yon premye tan, kominote lokal la pa yon gwoup sosyal ki souvan an amoni, piske li fè objè yon ansanm konfli ki kapab bloke dinamik evolasyon lokal la ; nan yon dezyèm tan, li paka soumèt an deyò sipò Leta ; nan yon twazyèm tan, *devlopman lokal* la difisil pou li tabli si nou p ap kache fòs rapò entènasyonal la genyen anndan peyi a⁴⁰. Nan sans sa, kontrèman yon patisipan ki konprann *MPP* fè *devlopman lokal* la san sipò Leta kapab vrèman kesyone oswa repanse.

Pratik *MPP* yo ta sanble pa chanje vrèman piken kwenna ki genyen sou kondisyon sosyoekonomik peyizan yo nan milye riral la. *MPP* kòm yon ONG alternativ k ap klewonnen *souverènte alimentè, agrikilti agwoekolojik, ekonomi solidè* epi *sante kominotè* nan kominote riral la, li montre vrèman yon estrateji efikas pou li amelyore kondisyon lavi peyizan yo, men demach sa yo pa sifi san jarèt Leta. ONG yo nan sans Gabaud Pierre Simpson eklate kominote riral la

³⁸ Ibid, pp. 80-81.

³⁹ Op.cit, DOUCET et FAVREAU, pp. 92-93.

⁴⁰ Op.cit, CLAUDE Marchant, pp. 166-167.

nan chanje pratik peyizan yo⁴¹.

Se yon travay ki merite vanse plis nan chache konprann evolisyon milye rural la sitou nan analize pratik aksyon sosyal MPP yo nan rapò li devlope bò kote patrimwàn natirèl ak kiltirèl loka l yo. Èske kontribyon MPP nan *devlopman lokal* la kapab fèt andeyò valorizasyon, konsèvasyon patrimwàn natirèl ak kiltirèl lokal yo?

Rekòmandasyon

- Mwen pwopoze *MPP* defini klèman objektif jeneral ak espesifik li;
- Mwen pwopoze *MPP* konstrui yon veritab leadership kolektif;
- Mwen pwopoze *MPP* fè komunikasyon orizontal la vin plis yon reyalite;
- Mwen pwopoze *MPP* kreye kèk izin agrikòl... nan fasilite plis jèn jwenn yon travay fòmèl.

Malachy BASTIEN

⁴¹ GABAUD, Pierre Simpson, *L'éclatement de la communauté paysanne, une étude sur la vie rurale en Haiti*, S.L, Educa Vision, 2005.